

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

Lokasi diayakeunana ieu panalungtikan téh di MTs YPPA Cipulus jalan Nagrog Kecamatan Wanayasa Kabupatén Purwakarta. Subjék anu ditalungtik nya éta murid kelas VIII H MTs YPPA Cipulus anu jumlahna 40 urang awéwé hungkul.

3.2 Langkah-langkah Panalungtikan

Langkah-langkah dina ieu panalungtikan nya éta tahap tatahar, tahap uji coba instrumén, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan panalungtikan.



3.3 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode anu nalungtik status kelompok manusa, objék, kaayaan, sistem pikiran, atawa kelas *peristiwa* jaman kiwari. Anapon tujuanna nya éta pikeun nyieun déskripsi, gambaran, atawa *lukisan* sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta, sifat-sifat, sarta hubungan antarfénoména anu ditalungtik (Nazir, 2011:54).

Méthode déskriptif ieu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII H MTs YPPA Cipulus, anu ngawengku kamampuh siswa dina nyaHadékeun kualitas jeung lingkup eusi. Gaya basa, éjahan, watek pupuh, guru lagu jeung guru wilangan.

3.4 Wangenan Operasional

Aya sawatara wangenan operasional dina ieu panalungtikan.

1. Kamampuh nya éta kabisa anu datangna ti diri sorangan pikeun ngungkulan hiji hal.
2. Nulis téh nya éta salasahiji kaparigelan ngagunakeun basa nu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung, lain ku cara paamprok jeung batur. Nulis mangrupa hiji kagiatan nu produktif jeung eksprésif (Tarigan,1994:3).
3. Guguritan téh nya éta karya sastra dina wangun puisi heubeul, mangrupa karangan déskriptif nu kauger ku aturan pupuh.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés nulis guguritan. Anapon pupuh nu dipaké dina ieu tés téh nya éta pupuh maskumambang anu miboga watek nalangsa. Pangna dipilih pupuh makumambang ku sabab, ditilik tina kaayaan siswa nu aya di MTs YPPA Cipulus, pupuh anu Hadé pikeun ngukur kamampuh nulis guguritan téh nya éta pupuh maskumambang. Téma anu dipaké dina nulis guguritan nya éta ngeunaan

lingkungan hirup. Topik nu dipakena nya éta bencana alam nu tumiba ka nagara Indonésia.

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés pikeun ngukur kamampuh hiji jalma sabada diajar hiji hal. Dina nulis guguritan, jejer jeung topik geus ditangtukeun.

Kriteria meunteun hasil karangan guguritan siswa diHadékeun dumasar kana aspék ieu di handap.

1. Kamampuh nulis guguritan dumasar kualitas jeung lingkup eusi
Kamampuh nulis guguritan dumasar kana kualitas jeung lingkup eusi nya éta meunteun guguritan anu ditulis ku siswa dumasar kana kasaHadéan gagasan anu ditulis ku siswa jeung téma guguritan.
2. Kamampuh nulis guguritan dumasar watek pupuh
Kamampuh nulis guguritan dumasar watek pupuh nya éta meunteun hasil nulis guguritan siswa dumasar kana kasaHadéan jeung watek nu dipiboga ku pupuh nu ditulis.
3. Kamampuh nulis guguritan dumasar guru lagu
Kamampuh nulis guguritan dumasar guru lagu nya éta meunteun hasil nulis guguritan siswa dumasar kana kasaHadéan jeung guru lagu unggal padalisan nu dipiboga ku pupuh nu ditulis.
4. Kamampuh nulis guguritan dumasar guru wilangan
Kamampuh nulis guguritan dumasar guru wilangan nya éta meunteun hasil nulis guguritan siswa dumasar kana kasaHadéan jeung guru wilangan unggal padalisan nu dipiboga ku pupuh.

Tabél 3.1

Pedoman Meunteun Kamampuh Nulis Guguritan

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
Kualitas jeung lingkup eusi	4	Hadé Pisan	Téma jeung gagasan hadé pisan
	3	Hadé	Téma hadé, gagasan Hadé

	2	Kurang Hadé	Téma hadé, gagasan kurang Hadé
	1	Kurang Pisan	Téma jeung gagasan teu hadé
Watek pupuh	4	Hadé Pisan	Hadé pisan jeung watek pupuh
	3	Hadé	Hadé jeung watek pupuh
	2	Kurang Hadé	Kurang hadé jeung watek pupuh
	1	Kurang Pisan	Teu hadé jeung watek pupuh
Guru lagu	4	Hadé Pisan	Hadé pisan jeung guru lagu
	3	Hadé	Hadé jeung guru lagu, aya sapada nu teu Hadé
	2	Kurang Hadé	Kurang hadé jeung guru lagu, aya sababaraha pada nu teu hadé
	1	Kurang Pisan	Teu hadé pisan jeung guru lagu, nulisna teu gugon kana ugeran guru lagu
Guru Wilangan	4	Hadé Pisan	Hadé pisan jeung guru wilangan
	3	Hadé	Hadé jeung guru wilangan, aya sapada nu teu hadé
	2	Kurang Hadé	Kurang hadé jeung guru wilangan, aya sababaraha pada nu teu hadé
	1	Kurang Pisan	Teu hadé pisan jeung guru wilangan, nulisna teu gugon kana ugeran guru wilangan

Jumlah skor total minimal	4		
Jumlah skor total maksimal	16		

Kacindekan Skor total

Hadé pisan : 16

hadé : 12 - 15

Kurang hadé : 8 - 11

Kurang Pisan : 4 – 7

Conto instrumén tés keur siswa:

Wasta:

Kelas:

Tés Nulis Guguritan

1. Tulis guguritan dina wangun pupuh maskumambang, témana ngeunaan lingkungan hirup, nu dimekarkeun jadi hiji topik nya éta bencana alam nu tumiba ka nagara Indonésia, panjangna paling saeutik 2 pada, judulna bébas!

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Arikunto (1996: 81) nétélakeun yén *one shot model* nya éta pamarekan anu ngagunakeun sakali ngumpulkeun data dina saharitaeun. Dina ieu panalungtikan, pamarekan ngumpulkeun data dina wangun nulis guguritan ogé dikumpulkeun dina waktu saharitaeun. Jadi ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan *one shot*, sedengkeun téhnik ngumpulkeun datana ngaliwatan téhnik tés kamampuh nulis guguritan.

Purwanti Indra Sumantri, 2013

Kamampuh Nulis Guguritan Siswa Kelas VIII H MTs YPPA Cipulus

Taun Ajaran 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tés nya éta sababaraha rangsangan (stimuli) nu katarima ku hiji jalma dina meunangkeun jawaban pikeun dijadikeun tatapakan nangtukeun skor angka (Margono, 2007: 270).

Tés anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés dina wangun tinulis. Tés dina wangun tinulis merlukeun jawaban dina wangun tinulis ogé. Ku sabab, data anu bakal jadi objék panalungtikanana dibeunangkeun tina data tinulis. Tés dina wangun tinulis nu dimaksud téh nya éta tés pancén nu mikahayang sangkan jawabanna ditulis dina wangun karangan nu dijieun ku sorangan.

Téhnik tés dina ieu panalungtikan gunana pikeun ngukur tingkat kamampuh siswa kelas VIII H salaku subjék panalungtikan nulis guguritan. Tés nu dilaksanakeun mangrupa tés nulis guguritan. Di handap langkah-langkah ngumpulkeun datana.

1. Ngabagikeun lambar tés guguritan ka siswa;
2. Siswa nulis téks guguritan dina lambar tés guguritan;
3. Ngumpulkeun jawaban tés guguritan.

3.7 Analisis Data

Data téks guguritan anu geus dikumpulkeun téh mangrupa data anu masih olaheun kénéh. Ku kituna, data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun néangan jawaban-jawaban anu jadi masalah dina ieu panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nya éta data tina hasil tés siswa anu nangtukeun hasil ahir. Téknik analisis data dina ieu panalungtikan ditataan ieu di handap.

1. Nganalisis hasil nulis guguritan siswa saHadé jeung aspék nu dipeunteun.
2. Pikeun nangtukeun jumlah skor nulis guguritan siswa, pedoman nu dipaké meunteun sakumaha nu kaunggel dina tabél 3.1 Skor anu kahontal siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus

$$n = \frac{\text{skor nu kahontal} \times 100\%}{\text{skor ideal}}$$

3. Nafsirkeun data dumasar kana format pengolahan data. Nyieun kacindekan tina data hasil anu kapaluruh. Siswa dianggap geus mampuh nulis guguritan

lamun peunteunna teu kurang ti 67, ieu peunteun dumasar kana KKM pangajaran nulis guguritan nu geus ditangtukeun ku Guru Basa Sunda kelas VIII di MTs YPPA Cipulus. Ku kituna, skor ahir siswa nu kurang ti 67 dianggap can mampuh.

